



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 18 MILYON DOLA POU DEFİ INOVASYON BATIMAN
PWOCHÈN JENERASYON POU TEKNOLOJI KONSTRIKSYON AVANSE**

***Setyèm faz la gen ladan Nouvo Zòn Defi nan kad teknoloji kontwòl batiman
entelijan ki jere resous enèjetik yo ak chaj elektrik yo***

***Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè New York la
pou diminye emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 18 milyon dola ki disponib nan kad Defi Inovasyon Batiman Pwochèn Jenerasyon (Next Generation Buildings Innovation Challenges) yo pou pwojè ki ofri teknoloji batiman avanse pou sistèm chofaj, vantilasyon, ak èkondisyone pwòp, anvlòp ak kontwòl batiman. Setyèm faz la gen ladan nouvo zòn defi pou avanse solisyon kontwòl batiman entelijan, ki gen ladan devlopman ak komèsyalizasyon teknoloji ki jere resous enèji ak chaj elektrik ki pral pèmèt plis dekarbonizasyon ak elektrifikasyon. Anons sa a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè Eta New York (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) la pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050

"Ak bilding ki reprezante youn nan sous prensipal emisyon gaz ki lakòz efè sè nan Eta a, li enperatif pou nou adrese sektè sa a pou reyalize objektif klimatik nou yo epi redwi anprent kabòn nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.**" Defi Inovasyon Batiman NextGen (Pwochèn Jenerasyon)yo se youn nan anpil zouti ke n ap itilize pou idantifye ak ankouraje solisyon reyèl pou dekarbonize ak elektrifye ekonomi nou an pandan n ap kontinye goumen kont chanjman klimatik yo."

Defi Inovasyon Batiman Pwochèn Jenerasyon an, ki administre pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), bay sipò pou konpayi k ap devlope, komèsyalize, ak demontre nouvo teknoloji ki ka ranfòse pèfòmans bilding ak efikasite enèji, epi redwi emisyon gaz ki lakòz efè sè yo. Pwogram sa a sipòte teknoloji inovan tankou ponp tèmik tètès, teknoloji jewotèmik dènnye kri, ak nouvo solisyon anvlòp bilding anplis nouvo zòn konsantrasyon nan kad solisyon kontwòl batiman entelijan yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Atravè pwogram Defi Inovasyon Batiman Pwochè Jenerasyon n ap ede nouvo pwodwi teknoloji pwòp antre nan mache a ki avanse dekarbonizasyon batiman, elektrifikasyon, ak responsablite okipasyon yo. Lè nou konsidere dire lavi batiman ki ekziste ak fiti batiman yo, envestisman ki fèt kounye a pou amelyore estòk bilding nou an pral sèvi anpil jenerasyon. Nouyòkè yo ak odela, epi pwogram nou an konsantre pou asire rezidan ki gen revni ki ba ak modere yo benefisye plis dirèkteman nan envestisman sa yo."

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Pandan n ap kontinye konbat defi chanjman klimatik yo, nou bezwen devlope solisyon ki pral ede dekarbonize sektè bilding nou an pou pi devan. Mwen bat bravo pou NYSERDA paske li travay avèk dilijans pou bay fason inovan pou devlope teknoloji batiman Pwochè Jenerasyon yo, ki pral bay Nouyòkè benefis, espesyalman moun ki nan kominote defavorize yo."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Dekarbonize batiman yo enpòtan anpil pou atenn objektif CLCPA Eta New York la, paske 40 pousan nan tout emisyon nan eta a soti nan batiman yo", deklarasyon Manm Asanble Didi Barrett, Prezidan Komite Enèji a. "Kreye nouvo ankourajman finansye pou avanse solisyon kontwòl batiman entèlijan ak jere enèji ak chaj elektrik pral pèmèt plis dekarbonizasyon ki se egzaktman sa Defi Inovasyon Batiman Pwochè Jenerasyon yo ta dwe fè. Mwen rekonesan pou sipò kontinyèl Gouvènè a nan pwogram sa a."

Zòn konsantrasyon yo pou dènye faz sa a, gen ladan:

- **Sistèm ak Konpozan Anvlòp Batiman yo** – Solisyon pou batiman pou yon sèl fanmi ak pou plizyè fanmi ki pral redwi yon fason konsiderab pri chofaj ak refwadisman, ogmante konfò, ak modènize fasad yo lè yo entwodwi nouvo materyèl ak teknik konstriksyon yo.
- **Konpresyon Pri Ponn Tèmik Tèrès** – Solisyon pou bilding rezidansyèl ak komèsyal ki diminye pri enstalasyon sistèm nan 20 pousan oswa plis atravè nouvo ekipman ponp tèmik, teknoloji bouk tèrès, ak sistèm ibrid.
- **Batiman Entelijan yo** – Solisyon pou bilding rezidansyèl ak komèsyal ki pèmèt elektrifikasyon san modènizasyon sèvis elektrik, konekte sistèm enèji egzistan ak enèji an klwazon yo, epi kenbe konfò rezidan yo swete pandan y ap minimize demann elektrisite maksimòm, emisyon, ak enpak sou rezo a pa batiman an.

NYSERDA espesyalman ap chèche atire solisyon ki benefisye dirèkteman kominote ki gen revni ba ak modere yo ak defavorize atravè Eta New York ak plizyè nan domèn defi inovasyon ki konsantre sou solisyon ki vize bilding plizyè fanmi yo. Yo pral aksepte aplikasyon yo jiska 3:00 p.m. nan Lè Lès nan dat 27 septanm 2023. Pou plis enfòmasyon, tankou yon lis konplè sou teknoloji ki elijib, epi pou aplike pou opòtinite finansman sa a, tanpri vizite [sitwèb](#) NYSERDA a. NYSERDA pral òganize de webinè pou konpayi ki entèrese yo ki gen ladan:

- [Webinè Enfòmatif](#) nan dat 15 out 2023, a 1:00 p.m.

- [Atelye pou Soumèt Pwopozisyon](#) nan dat 22 out 2023, a 1:00 p.m.

Vijay Modi, Profèsè Enjenyeri Mekanik, Columbia University, te deklare, "Pwomès pou nou akonpli sistèm batiman entèlijan isit la kounye a. Teknoloji ki amelyore konfò nan batiman pandan y ap ankouraje dekarbonizasyon batiman yo ak sipòte bezwen yo nan yon rezo emèjan ki domine pa enèji renouvlab yo kounye a disponib. Defi Inovasyon Batiman Pwochèn Jenerasyon an se yon opòtinite ki rive alè pou fè vizyon sa a vin yon reyalyte."

Direktè Egzekitif Building Energy Exchange lan, Richard Yancey, te deklare, "Nan kad lidèchip klimatik NYSERDA a, Defi Inovasyon Batiman Pwochèn Jenerasyon an pral sipòte yon nouvo vag teknoloji ki solid sou plan komèsyal ki diminye itilizasyon enèji, emisyon kabòn, ak pri, pandan y ap amelyore konfò pou tout Nouyòkè yo atravè eta a. Lè nou konsidere Lwa sou Klima anbisye Eta nou an, endistri bilding New York la bezwen solisyon pri ki efikas ki pèmèt elektrifikasyon ki pote benefisye pandan y ap diminye baryè ki koute chè ak ki pran tan, tankou amelyorasyon sèvis elektrik yo. Konsantrasyon elaji nan pwogram ane sa a pral sipòte komèsyalizasyon teknoloji sa yo ki vin pi enpòtan ki fè tranzisyon an nan elektrifikasyon total, pandan y ap asire fyabilite rezo a, ak pri redwi pou lokatè yo."

David Terry, Prezidan, Asosyasyon Nasyonal Ofisyèl Enèji Eta yo, te deklare, "NASEO kontan wè NYSERDA ouvri nouvo faz Defi Inovasyon Batiman Pwochèn Jenerasyon an pou pouse devlopman ak komèsyalizasyon teknoloji inovan ki nesèsè anpil pou amelyore pèfòmans enèji nan batiman yo. Pwogram Pwochèn Jenerasyon an se yon egzanp kle eta ki pran devan pou akselere inovasyon ak opòtinite biznis avanse pou atenn objektif enèji, ekonomik ak anviwònman eta yo pandan y ap benefisye nasyon an ak mond lan."

Atravè sis faz anvan yo nan pwogram sa a, yo te bay 64 pwojè yon total ki prèske 45 milyon dola. Konpayi yo ki angaje nan avanse solisyon sa yo varye soti nan demaraj rive nan gwo konpayi etabli ki angaje nan abòde twou vid ki genyen nan teknoloji ki se baryè nan bati dekarbonizasyon nan Eta New York. Solisyon inovan yo te ak demontre atravè opòtinite finansman sa a pral redwi itilizasyon enèji ak depans konsomatè New York yo, epi tou ap ekipe batiman yo – ki responsab pou plis pase yon tyè emisyon anyèl nan tout eta a – pou yo vin pi efikas an enèji, fleksib an tèm chaj, an sen, ak rezistan.

Entegrasyon mizanivo efikasite enèjetik ak elektrifikasyon nan kad investisman woutin yo ap diminye polisyon ak kabòn nan epi ede realize bilding ki pi dirab, pi bon pou sante epi pi konfòtab pou mwens lajan. Nan kòmansman mwa sa a, Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la [te pibliye yon Dekrè](#) ki otorize 1 milya dola pa ane pou pwogram NYSERDA ak pwogram Efikasite Enèji ak Elektrifikasyon Batiman (Building Electrification, EE/BE) nan fonksyon piblik la soti 2026 jiska 2030, ki totalize 5 milya dola, epi li adopte yon Kad Estratejik pou alafwa pwogram pou Revni Ba ak Modere (Low and Moderate Income, LMI) yo ansanm ak pòtfèy devlopman mache yo. Kounye a, atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap

investi pou dekarbonize bilding yo nan tout Eta a. Lè yo diminye itilizasyon enèji atravè efikasite ak klimatikasyon, epi amelyore sistèm chofaj ak dlo cho pou pase nan altènatif ki pi pwòp, Eta a pral diminye emisyon danjere epi reyalize objektif anbisyè pou redui konsomasyon enèji sou plas nan 185 BTU (British thermal units) disi 2025, ki ap ekivalan a alimantasyon 1.8 milyon kay, pandan y ap diminye plis polisyon kabòn atravè estokaj sou plas, enèji renouvlab, ak ekipman pou chaje veyikil elektrik.

Anons jodi a bati sou investisman Eta New York nan rechèch, devlopman, ak komèsyalizasyon pou sipòte inovatè ak konpayi yo k ap akselere emisyon ki fèb yo ak teknoloji ki konfiske kabòn ki nesèsè pou atenn objektif eta a pou netralite kabòn nan tout nivo ekonomi an. Pwogram [inovasyon](#) NYSERDA ap deplwaye 800 milyon dola sou 10 ane kòm investisman dirèk atravè sibvansyon ak sipò komèsyalizasyon global. Plis pase 680 milyon dola nan investisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finans pwojè yo te aktive, epi plis pase 450 pwodwi inovatè enèji pwòp yo te komèsyalize kòm rezilta teknoloji NYSERDA ak investisman nan devlopman biznis, ki gen ladan sistèm ekleraj dyòd (LED), aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj avèk refwadisman ki pi efikas.

Finansman pou inisyativ sa a fèt atravè Fon pou Enèji Pwòp 6 milya dola Eta a sou 10 ane. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwèn pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)